Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 4 (7353)
24 январь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ГIатIидаб данделъи

## Жакъасел тIалабал цере лъуна



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда тIобитIана росабазул бутIрулги ахIараб гIатIидаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал М. ХIамзатов, С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, Собраниялъул пред. К. Асадулаев, хъаравуллъиялъулгун хIисаб кьеялъул палатаялъул пред. Ж. Шамсудинов, районалъул МФЦялъул директор Б. МухIамадов, отделазул начальникал.

Данделъи рагьана ва къойил темабазул бицана ГI. НурмухIамадовас. Гьел рукIана элетроэнергиялъул, ракьул участкаби тIад хъваялъул, целевиял программабазе нух кьей ва цогидалги. «Гьаб сон нилъеца байбихьана цIияб къуватгун цIиял мурадалгун. Нилъеца цадахъаб хIалтIудалъун цебе бачине ккола район».

КIалъазе вахъана ОМВДялъул МПялъул нач. Ш. ХIамзатов. «Унел руго архивалъул баянал рукIалиде ккезари, рукIалиде ккезаризе ккола базаялъул баяналги. Унсоколо районалда 2014 соналда пропискагун паспорт кьураз, паспорталъул копия щвезабизе ккола нижехъе базаялда жанире росизе. Гьеб иш рукIалиде ккезабиялъе къокъаб заманалда районалъул гIадамазда гьоркьоб бичIчи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола»,-ян абуна ХIамзатовас.

Гьелъул бицунаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна росабазул бутIрулги рекъон гьеб хIалтIуе график гьабизе кколин. Живго лъикIавлъугьун ярагъ нахъе кьеялде буссараб суалги борхана гьениб. Гьелъухъ гIарац кьезе букIиналъул, ихтияр гьечIого ярагъ цIунизе бегьунгутIиялъул бицана данделъиялда. – Гьеб акция жеги халат бахъине буго, гьеб суалалда хурхунги бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе кколин абуна данделъиялда.

Хадув кIалъазе вахъана «Дагестанские сетевые компании» АОялъул Унсоколо бугеб РЭСалъул нач. ГI. ГIабдулаев, Унсоколо РОЭялъул нач. М. ГIабдурахIманов. Гьез бицана хасалил заманалда цIуна-къан электроэнергия харж гьабизе ккеялъул. Гьенибго бихьизабуна 2024 соналда программаялда рекъон районалда ругел киналго сетал хисизе ругинги.

Хадусеб суал букIана муссор баччиялъул рахъалъ правительствоялъул цIияб программаялъул бицунеб. Гьеб суалалда хурхун кIалъана централияб часталъул регионалияб операторлъиялъул генералияв директор А. Дибиров.

2019 соналъул 1 январалдаса нахъе бакIаризе ккола транспортировкаялъе, утилизациялъе, гIадамазе зарал ккун гутIиялъул мурадалда заралиял жал рукъиялъе сбор. Цогидал регионаздаго гIадин гьелъие гьанибги хIалтIизабизе буго отходал рукъиялъул цогояб система. Гьелъухъ мухь кьезе буго республикаялда чIезабураб тарифалда рекъон. – РагIа-ракьанде щун гIуцIизе буго гьеб рахъалъ хIалтIи, аслияб къагIидаялда хIажат буго гьеб хIалтIул рахъалъ гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьей гьабизе, ян бихьизабуна А. Дибировас.

Данделъиялда букIана регионалиябгун целевыял программабазул суалги. Гьелъ гьокьоре рачуна «Культурная среда», «Обеспечение молодых семьей жильем», «Формирование комфортно-городской среды» ва цогидалги.



(Ахир 4 гьумералда)

## «ННТ» телеканал - районалда

«ННТ» («Наше национальное телевидение») телеканалалъул къокъа 17 январалда жидерго аслияб хIалтIигун рачIун рукIана Унсоколо районалде. Гьезул аслияб объектлъун лъугьана Унсоколо № 1 школалъул 6 классалъул цIалдохъан МухIамад АхIмадов. 12 сон гIумродул бугев гьев васас гIуцIулел руго батIи-батIиял жал – масала экскаватор. Жеги гьес гьабула пластилиналъул батIи-батIияб фигураби. Къокъаб рекордияб заманалда бакIарула кубик-Рубик, матIуялъул кубик-Рубик ва кубик-Меффера.

Гьединго телевидениялъул вакилзаби щвана Генуб росулъ бугеб тарихалъул музеялде, гьелъул директор МухIамадсултан ГIабдулаевас гьалбадерие экскурсия гьабуна. Гьес рихьизаруна батIи-батIияб экспонатал, имам Шамилил къолден, гьесул хъварал кагътал жиндирго мюридзабазде, 17-18 гIасруялъул Хириял Къуръанал ва гь.ц. Маданияталъул ва тарихалъул централъул директор ГъазимухIамад Камиловас тахшагьаралдаса гьалбадерил лъай-хъвай гьабуна умумузул махщалилгун, рихьизаруна хьопазул хьухьарал корзинаби, ччугIа кколел сеткаби ва гь.ц.



ГъазимухIамадица жиндирго цIалдохъабигун бихьзабуна гьалбадерида гьеб гьабулеб къагIида.

Кинабго материал ННТялъул вакилзабаз бахъараб ине буго телевидениялъул передачаялъе. ЕИСалъул хIалтIухъаби, «Голос гор» сеталъул басмаялъул бетIерай редактор Мадина СултIановаги ва оператор МухIамадсайгид МухIамадовги рукIана ННТялъул вакилзабигун сапаралда.

## Поздравляем!

**Уважаемый Иса Магомедович!**

От имени всех работников администрации МО «Унцукульский район», депутатов районного Собрания и от ЕИС примите самые сердечные и теплые поздравления с Днем рождения!

Деятельность руководителя района крайне важна для решения приоритетных задач, повышения благосостояния жителей, развития экономики и поддержания порядка на территории района.

Вас знают не только как руководителя высокого уровня, энергичного и ответственного человека, способного с успехом претворить в жизнь самые смелые планы, новые решения во имя процветания района, достижения позитивных перемен в жизни,но как человека талантливого, инициативного и умеющего держать свое слово.

Своими делами и умением решать самые сложные проблемы вы завоевали искреннее уважение земляков. Вы пользуетесь авторитетом у коллег и подчиненных. Под Вашим руководством Унцукульский муниципальный район кардинально изменился в лучшую сторону.

Желаем Вам крепкого здоровья, благополучия, душевных и физических сил, удачи во всех начинаниях, дальнейшей созидательной деятельности во благо развития и процветания Унцукульского района! Пусть всё задуманное исполнится, принесёт радость и удовлетворение Вам и пользу окружающим, а достигнутые цели станут уверенным шагом к новым свершениям!

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 4 (7353)*

*24 январь 2019 сон*



Гьал къоязда РДялъул провительствоялъул пред. А. Здуновас хIалтIулаб данд чIвай гьабуна сахлъи цIуниялъул министр Ж. ХIажиибрагьимовасулгун. Гьениб бицана Дагъистаналда ядерныяб медицина гIуцIиялъул. Гьелъ рес кьезе буго рак унтул гIаламатал хехго загьир гьариялъе. ГIемер кватIичIого республикаялда гьединаб аппарат букIине буго.



# Баркула гIелмияб степень



17 январалда Унсоколо районалда тIобитIана кIвар бугеб тадбир – къабул гьаруна республикаялдаса хIурматиял гьалбал: Закария Нахибашев – профессор, тарихиял гIелмабазул доктор, Россиялъул республикаялда вугев гIелмугун лъай кьей цебетIезабиялъул Халкъазда гьокьосеб лигаялъул уполномоченный, Керимхан ГIумаханов – «Уздени Дагестана» ДРООялъул председатель,РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатасул кумекчи, халкъазда гьоркьосеб гурхIел-рахIмуялъул «Белорусь-Дагестан» проекталъул нухмалъулев, ГIалиасхIаб Хархачаев – РДялъул общественнияб палатаялъул член, МахIачхъалаялъул Калугаялда вугев вакил, РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.

Районалде гьел рачIиналъе асливб гIила букIана НурмухIамадов ГIиса МухIамадовичасе «Кандидат экономических наук»,- абураб гIелмияб даража кьей. Гьеб буго 2017 соналъул 21 октябралда кьураб, № 163 бугеб, дипломалъул номер - 002068.

Диплом кьолаго З. Нахибашевас абуна: «Общество цебетIезабиялъе жигараб гIахьаллъи гьабуразул хIалтIи халкъазда гьокьосеб гIелмугун лъай цебетIезабиялъул лигаялъ кIодо гьабула батIи-батIияб къагIидаялъ. Комиссиялъ хал гьабиялде босана ГIиса МухIамадовичасул кандидатура ва хIукму гьабуна гьесие «Кандидат экономических наук» степень кьезе.

ГI. Хархачаев ккола имам Шамилил фондалъул цIи вищарав Президент. Гьеб хъулухъалда вукIаго гьесул тIоцебесеб сапар ккола имам Шамилил ВатIаналде, нилъер районалде вачIин. ГIиса НурмухIамадовас ва цогидалги тадбиралда гIахьаллъараз ракI-ракIалъ баркана ГIалиасхIаб Хархачаевасда гьеб хъулухъ ва гьарана гьесие хIалтIулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби.

# Пайдаял малъиял

Полированияб мебелалда багIараараб предметалъ тIанкIал лъун ругони, гьел бигьаго инаризе кIола рижулел жалазул нахги жубан спирталъ рацIцIани. Квасул хамил тряпкаялъ горсвераби гьарун бацIцIе гьеб бакI лангал инегIан.

* * *

Хрусталалъул рагI-мач бухIараб лъеца чуруге, гьелъ гIисинал кьватIалабазда сетка гIадаб жояль мохъа-мохъал тола. Чуре тамахаб, цIакъго хинаб гьечIеб лъеца, хадуб бацIцIе квасул чIортоялъ синка кьураб лъелъ крахмалги жубан. Гьеб цIияб гIадин кунчIизе буго.

* * *

ЦIорол шушби бигьаго ва рацIадго чуризе кIола гьеб чуруле лъелъе гIисинго кьотIараб картошка бани. Шиша гьебги бараб лъимги тIун гIемер ва къуваталда чвархъезабила, хадуб бацIцIадаб лъеца чурила.

* * *

Кухнялъе берцинаб нур кьола рацIцIадго чурарал сальфеткабаз. Гьел абуни хехгого чороклъула, хьахIлъи хола, кидаго гьализаризе балагълъула. Гьел цекIаб рахьдалъ яги родолъ хIеккинаруни, бигьаго лангалги ун рацIадго чуризе кIола.

**Ислам**

# ХIарамаб гIарац ва нилъ

ТIадегIанав Аллагьас Адам (гI. с.) ракьалде виччан хадуб бачIинахъего бижана дунялалда бугебщинаб чIаголоъиялъе рикъзиялъе нигIмат ва гьелъие нухал. КIудияб кIвар буго гьел нигIматал пасат гьарунгутIиялъул ва вацIлъиялда рикьиялъул. Инсан аслияб жо кинабго дие букIине ккола, дун гIорцIун вукIине ккола, хутIарал ракъуца хваниги ургъел гьечIо,-абураб принципалда хIалтIани, бащдаб гIалам ракъуца хвеялде рачине бегьула.

**Кибе харж гьабилеб хIарамаб гIарац?**

ТIадегIанав Аллагьас гIицIго гIибадат гьабизе кколеб куцалъул гуребги дунялалъул нигIматазда пайда босиялъеги къагIидаби чIезаруна. Исламалда рекъон законияб къагIидаялъ киналго диниял къануналги цIунун щвараб хайир рикIкIуна хIалалаблъун. Гьелъул нормабиги хвезарун щвараб ккола хIарамаб.

Бусурбабазе исламалъ бихьизабуна гIицIго диниял къануназда рекъараб, бацIцIадаб законияб куцалда балагьизе гIумро гьабиялъе жал. Гьеб бихьизабиги хвезабун хIарамалде чиясул квер борчIани, лъикIаб буго кигIан кIваниги хехго гьелдаса рикIкIалъизе. Щайгурелъул хIарамаб жо нилъ бетIергьанаблъун кколаро, гьелдасан къураб садакъа яги закагIатги щоларо. ГьелъиенугIлъи гьабула «АллагьтIадегIанав вуго, гьес къабулги гьабула гIицIго бацIцадаб ,-абураб. ЛъикIал ишазе хIарамаб жо харж гьабизеги лъикIаблъун бихьизабун гьечIо. Бихьизабун буго лъикIал ишазе хIарамаб жо хIалтIизабуни гьеб мунагьалъе хъвалин. Гьединлъидал чорок гьаризе бегьуларо мажгитал ва цогидал лъикIал ишазул организациял раялъе, рагьиялъе бакIарулеб садакъа. ХIарамаб жоялдаса ватIалъизе чиясе бокьун бугони, гьеб тIад буссинабизе ккола гьелъул бетIергьанчиясухъе, гьев лъалев вугони. ХIарамал гъурщал пачалихъалъулал казнаялдаса ругони, ай жамагIаталъулаблъун бугони, гьеб пачалихъалъул казнаялде тIад буссинабизе ва жамагIаталъе пайдаялъе хIалтIизабизе ккола.

Хвезабулелъул бетIергьанчи лъалев гьечIони гьеб ккола хIабис (бацIцIадаб гьечIеб). Хвезеги гьабила жамгIиял хIажалъабазе. Масала, жамгIиял туалетал яги баня разе. Мажгитазул счет-фактура бецIизе, диниял бакIазе садакъаялъе. Гьединал бакIал гьечIони кьезе бегьула гьелде ккарал мискинзабазе, амма садакъа гIадин кколаро гьеб.

**ХIарамаб гIарцуда хIежалде ине бегьулищ?**

ХIанапил мазгьабалда хIарамаб куцалда щвараб гIарацалде хIежалде ани гьеб тIубараблъун рикIкIунаро. Цогидал лъабабго мазгьабалда рекъон гьединав чиясул хIеж тIубараблъун рикIкIунеб буго, жив чи мунагь бугев вугони.

ЛъикIаб гьечIо хIарамаб гIарацалде хIежалде ине. Гьединав чияс хIеж борханиги киналго щвезе кколел даражаби хIежалъул щолел гьечIо. Лъалеб букIахъе хIеж къабуллъани, гьеб кколеб буго чи киналго мунагьаздаса вацIцIалъиялъе гIиллалъун. Гьединав чи вукIунев вуго цIи гьавуравгIанги вацIадав, амма хIеж къабуллъиялъе кьури гьечIого тIуразе кколел руго гьал хадусел **щуго шартI**: **1**. ХIежалде унаго чиясул букIине кколеб буго унго-унгояльуги ракI бацIцIадаб ният, ай цогидаб гIибадатго гIадин хIежги гьабизе кколеб буго ТIадегIанав Аллагь разилъиялъе. **2**. ХIеж гьабиялъе хIалтIизабизе кколеб буго гIицIго хIалалаб гIарац. **3**. Чияс



лъилгIаги ихтияр хвезабуни, цин хIежалде иналде гьеб ихтияр хвезабиялъе гIоло гьес рецIел кьезе кколеб буго ва къварид гьавурав тIаса лъугьинавизе кколев вуго. **4**. ХIеж борхулеб заманалда киналго къадарал рагIабаздаса ва ишаздаса гьев вацIадго чIезе кколев вуго. **5**. Чияс хIеж борхизе кколеб буго гьелъул киналго къагIидабиги дурусго тIуразарун.

ГIицIго ТIадегIанав Аллагьасда лъала хIежалъул кинаб даража чиясе щолебали. Гьеб борхиялъулъ гьалатIал ругонани, дагьаб букIуна щолеб даражаги.

# ГIелмуялъулъ буго хвасарлъи

Жидедаса Аллагь разилъаял ГIабдуллагь бину ГIамру бину ГIабасидасан бицана жинда Расулюлагьас (с.т.гI.в.) абулеб рагIанилан: «ХIакълъунго Аллагьас гIадамазда гьоркьоса гIелму нахъе босуларо гьеб гIелму кьотIун, я нахъе бахъун. ГIелму нахъе босула гIалимзаби нахъе рачиналдалъун. Цинги цоники гIалимчи хутIичIеб мехалъ гIадамаз жидер церехъабилъун жагьилзаби гьарула, гьезда гьикъула, гьезги, щибго гIелму гьечIого, фатва (жаваб) кьола. Гьедин жалгоги къосун ккола, гIадамалги къосине гьарула»,-ян. (Бухари, Муслим).

Гьаб хIадисалда жаниб гIемераб магIна буго: гIалимзаби гьаб ракьалда тIад рукIин кинабго гIаламалъе бугеб божилъи ва хвасарлъи буго. ГIелму тIалаб гьабиги гIалимзаби гIемер гьари буго. ГIелмуги гьечIого хIукму кьотIулев чи цIакъ жиндир зарал кIудияв чи вуго. Жагьилчиясда жо гьикъиго питна буго. ГIадамазда гьоркьоб динияб гIелму дагьлъи Къиямасеб къо гIагарлъиялъул гIаламат буго.

ТIадегIанав Аллагьас нилъее Гьев разияб гIелму кьеги, гьелда рекъон гIамал гьабизе тавфикъги кьеги! Амин!

## Нилъее рокьаралгун рукIуна нилъ

Мадинаялъул базаралдасан унаго Расулюллагьасда (с.т.гI.в.) рагIула вичизе эхетизабурав гьитIинав лагъас абулеб: «Лъица вичун восаниги, дир шартI буго – гьес дун щибаб кьойил щуго нухалъ Расулюллагьасда (с.т.гI.в.) хадув жамагIаталда как базе виччай» - илан.

Гьеб шартIги къабул гьабун вас цо чияс вичун восула. Гьелдаса хадуб Аварагасда (с.т.гI.в.) гьев кьойил щуябго как жинда хадуб жамагIат гьабун балев вихьула. Цо къоялъ Аварагасда (с.т.гI.в.) гьесде бер щоларо ва гьесул хIакъалъулъ хважаинасда цIехола. Гьес вас унтун вугилан бицуна. Расулюллагь (с.т.гI.в.) васасде ваккизе уна. Жеги заманалдасан гьев васасул хIал цIехедал Расулюллагьасда (с.т.гI.в.) бицуна гьев хвалде гIагарун вугилан. Расулюллагь (с.т.гI.в.) нахъеги гьесухъе щвезе уна. Гьелдаса хадуб заманго иналде вас хола. Гьев хабалъ лъеялъул иш Аварагас (с.т.гI.в.) жиндаго тIаде босула. Аварагги (с.т.гI.в.) мугьажиралги, ансаралги гьев гьитIинав васасда хадуб цIакъ ракI бахъун рукIуна.

КIвар кье, лагълъун вугониги кьойил щуябго как Аварагасда (с.т.гI.в.) цадахъ базе щвеялъул гуреб гьеб сундулниги ургъел гьечIев вас гьев чIаго вугеб мехалъги хведалги Расулюллагьасеги (с.т.гI.в.) хирияв вукIараб куцалде!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 4 (7353)
Хамиз
24 январь 2019 сон



## ГӀолохъанлъи

Щвараб гӀор гӀадинан гӀолохъанлъи ун
ГӀемерал рихьана хадуб ракӀ бухӀун.
Гъабураб гурони батуларелъул
ЦохӀо минутальги тохго вукӀунге.

Гьитӏинго босараб лъай-гӏелму махщел
Кидаго батула, хазина гӏадин.
ЛъикӀаб босизеги квешаб тезеги,
Таваккал гӀунани талихӀ буго, дур.



# «БацӀикьа хӀинкъарав рохьове унаро»



Аллагьасул хӀалкӀолъиялъ чанго батӀияб махщел кьун букӀуна инсанасул рухӀ-хӀалалъе. Гьел загьир гьаризе, церетӀезаризе, ай живго жиндаго ватизе лъазе тӀадчӀун жиндаго тӀад хӀалтӀизе ккола инсан. Гьедин жив сундуе вижарав ва хӀажат вугевали лъазе щивасухъа гуро жиндир заманалда бажарулеб. Живго кинаб махщелалъе ярагьуневали спорталда гӀумро бухьинабидал бичӀчӀана Унсоколо районалъул Унсоколо росулъа ХӀажимурад ГӀабдулаевасда. Дагьабго тӀадчӀей гьабизин ХӀ. ГӀабдулаевасул гӀумроялъул нухалда.

2014 соналда ХӀажимурадил лъугӀана Буйнакск районалъул Халимбегаулалда бугеб «Пять сторон света» абулеб спортивияб школа. Гьениве цӀализе инегӀанго Унсоколо № 2 школалда цӀалулаго, гьанже райадминистрациялъул спорткомитеталда хӀалтӀулев М. МухӀамадовасул ушу-сандаялъул кружокалде хьвадулаан гьев. ТӀоцебе гьениб бичӀчӀана ХӀажимурадида жив спорталъе вижарав вукӀин. Хадуб кинабго рахъалъ цеветӀезавизе рес бугеб Халимбегаулалъул школалде ккедал тӀуван живго спорталъе кьезе ракӀалде ккана гьесда. Хадув хьвадана эркенаб гугариялъул кружоказде, амма гьелъ ракӀ гӀодобе биччазабичӀо гӀолиласул. ХӀажат букӀана бихьинчилъиялъе хасиятаб спорталъул жеги къвакӀараб вид. Гьединаблъун ХӀажимурадица рикӀкӀунеб бугоан гьабсгӀаталда гьес заман кьолеб бугеб ММА. ГӀемерал къецазда гӀахьаллъана гьев гьеб видалда. ГӀемерисел гьел рукӀана ругьунлъиялъе, махщел щвеялъе гьарулел. Хадуб, ахирисел саназда къватӀисел улкабазда тӀоритӀулел ункъго-квержубан рагъул къецазда гӀахьаллъана ХӀажимурад. Лъабгояб гьезул букӀана Китаялда, ахирисеб букӀана Филиппиналда. Гьеб ункъабго рагъулъ ХӀажимурад ГӀабдудаевас ракӀчӀараб бергьенлъи босана кӀи-кӀи раунд иналдего. Филиппиналда букӀараб рагъулъ гьасда данде ккана бразилиялъулав. КӀиясулго рагъухъ балагьараб мехалда гьевги вугоан базалияв, къуватав спортсмен. Гьединав спортсменасдаса бергьиналъе бальголъи кинаб бугеб?,-ян гьикъидал ХӀажимурадица жаваб кьуна: -Цо бугони квер цебеккезаби, кӀиабизе, ккезе бегьулелъул пикро гьабичӀого вагъи буго,-ян. Бразиялъуласдасаги гьев бергьана кӀиабилеб раундалда. Хадуб бергьенлъи щвеялъе ХӀажимурадица дандиясде данде гьабуна болевияб прием ва тӀад калам гьечӀого бергьана.

Живго гьорлъ вугеб спорталъул киналго бальголъаби лъазариялда тӀад хӀалтӀула ХӀажимурад. Хьвадула МахӀачхъалаялда СагӀадулаевасул цӀаралда бугеб спорткомплексалде, тренер вуго ГӀабдужалил Адинов. Кидаго кӀвар кьола жиндирго черх лъадариялде.

ГӀицӀго спорталда тӀад хӀалтӀи гуребги гӀолиласда кӀочонаро жиндирго лъай борхизабиялъул ишги. Гьес лъикӀал гьесда. ГӀицӀго цӀиял приемал лъазариялда гуребги живго гьорлъ вугеб спорталъул бальголъабазул пикрабазда вугин кколев вукӀана дида гьев кӀалъа-басалагоги. ХӀажимурадие гьеб лъугьун буго хоббилъун, ай гӀумроялъул аслияб магӀналъун.

ГӀумроялъе хӀинкъи бугеб гьечӀищ гьеб вид,-ян кьураб суалалъе ХӀажимурадица гьадинаб жаваб кьуна: «БацӀикьа хӀинкъарав рохьове унаро, ккезе бегьулелъул пикро гьабуни, бахӀарчиги вахъунаро»,-ян.

ХӀакъикъаталдаги кӀудияб гӀакъло буго гӀолиласул рагӀабазулъ. ХӀинкъи лъаларезул иш буго спорт.

-Щибго гьабизе гьорлъе лъугьине кӀоларел гӀадамазда щиб дуца абилеб?,-ян суал кьуна дица нахъеги.

-Гьебго жо, хӀинкъиялъ бихьинчи цӀунуларо, гьединасул бихьинчиги вахъунаро,-ян абуна гӀолилас.

Бихьинчилъиялъул борхалъуда вуго гьабсагӀаталда ХӀ.ГӀабдулаев. Биччанте къиматазда цӀалун лъугӀизабуна МахӀачхъалаялъул АГЗМКялъул




яхӀ бугеб гьесул инсанлъиялъулаб гьотӀода цӀар рагӀарал бергьенлъаби



академия, хӀалтӀизе бегьула гӀадамазул хӀинкъи гьечӀолъи цӀуниялъул, МЧСалъул бакӀазда.

Амма спорталдехун бугеб асаралъ къан ккуравгӀанги цере ругел рагъазул пикру гьабичӀого чӀезе кӀолеб гьечӀоан рижизе ва магӀарулал чӀухӀарав вас вахъине!

Нух битӀаги, Дуе, ХӀажимурад ГӀабдулаев.

**Саният КЪЕБЕДМУХӀАМАДОВА**

## ГӀолилазе насихӀат

Лъай гьечӀел гӀадамал гӀасилъаниги,
ГӀелму щварал чагӀи щай гӀадаллъулел?
БичӀчӀиялъ таразул тавбу хваниги,
Тарбиялъ куцарал, кин пасалъулел?
ГӀелму рагӀуларо, гӀакълу гьечӀони,
ГӀадло босуларо, намус гьечӀони.

* * *

Ургъе, гьанжесеб гӀел, гӀумруялда тӀад
ГӀадада риччалел гьал къоязда тӀад,
ЦӀаличӀого щолеб дипломалда тӀад,
ХӀалтӀичӀого щолеб гӀарацалда тӀад.
Лъай гьечӀел дипломал - цохӀо гьереси
Лъай гьечӀесул хӀалтӀи - нусго гьереси.

**ГӀабасил МахӀамад**



## ЦӀияб Соналъул гьари

Хасел щвезегӀанго гӀазабиги ран
Нужер рукъзабахъе цӀорой щогеги,
Рии бачӀиналде тӀугьдулги речӀан
РакӀал гӀодор чӀвалеб хабар щогеги!

Хьолбохъ ратанани херлъарал улбул
Сахлъиги сабруги гьезие кьеги,
Туснахъ рукъзабазухъ ратани васал
Нухал рагьун рокъой рещтӀинареги!

Ургьир лъимал ругел гьитӀинал улбул
Роххелгун Аллагьас рихьизареги,
МухӀаммад, АхӀмадал гьал Хадижатал
Дадал накабазда хехго кьурдаги!

Анищазул цӀурал берцинал гьурмал
Цоцазе гьимаги нужер къавуда,
Иман-яхӀ цӀикӀарал наслабиги гӀун
ГӀумроялъул талихӀ цадахъ хутӀаги!

С. Гьиматова
пос.Шамильхъала



# Жакъасел тIалабал цере лъуна



Гьединго «Единная Россия» партиялъул проектал. Гьеб буго 14, гьел ккола «Новая школа», «Здоровое будущее», «Городская среда», «Исторические памятники», «Российское село» ва гь.ц.

Жидерго кIалъаязда районалъул культураялъул отделалъул начальник ГIали ГIабдулаевас, спорткомитеталъул председатель МухIамад МухIамадовас, росдал магIишаталъул отделалъул начальник Жамал Якъубовас, «Единая Россия» партиялъул исполкомалъул нухмалъулей Бариат КIудиеваль, счетнияб палатаялъул председатель Жамалудин Шамсудиновас бицана гьаризе кколел документазул ва хIалтIабазул.

Гьенивго кIалъана МФЦялъул нухмалъулев Багьаудин МухIамадов. Гьес бихьизабуна «зелёнкаби» гьариялъул суалал кодоxъ росеян.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго ГI. НурмухIамадовас тIадкъай кьуна гьеб ишалде кинабго къуват рехеян ва хIалтIухъабазул жавабчилъи борхизабиялъул суалазда тIадчIей гьабуна.

**Лъалищ нужеда?**

## Дагъистаналъул хIакъалъулъ 20 хIужа

* «Дагъистан»-алъул магIна «МугIрузул улка». Амма! Лъалищ нужеда гьениб гIицIго 39,9 % гурони мугIрул гьечIолъи? ГIатIиракьалда гьоркьин абуни буго 43%.

* Сулахъалъул каньон ккола дунялалда ругезда гьоркьоб бищун къваридаздасан цояб. Ральдал гьумералдаса гьелъул борхалъи – I920 м. буго.

* Кавказалда, Европаялда ва Россиялда бищун борхалъуда бугеб росу ккола Къурущ (ральдал гьумералдаса гьеб борхат буго 2560 метраль).

* КIудияб ВатIанияб рагъул бищун машгъураб «Рейхстагалда байрахъ чIвай» сураталда вуго дагъистаниявги. Гьесда цIарги ккола ГIабдулхIаким ИсмагIилов.

* ЛъикI гьарун балагьани Дагъистаналъул гербалда бихьизе бегьула кIиго цоцалъ бачунеб квер. Гьеб ккола ракълил гара-чIвариялъул гIаламатлъун.

* «Къей лъаларев» НадиршагьиI аскарал дагъистанияз щущахъ рихxизарун хадур, киданиги кирниги тIокIалъ бергьун гьечIо тарихалда.

* Дагъистаналда гIемер руго лъел чвахxалаби. ГIажаибго берцинго буго СалтIа чваххел. Россиялда бищун борхатаблъун рикIкIуна Чараур.

* Дагъистаналда буго 45 рехун тараб росу (аул-призрак).

* Дербент ккола Россиялъул шагьаразул бищун бакътIерхьудехун бугеб шагьар. Гьединго гьелда абула некIсиял шагьараздасан «чIаго хутIаразул» цояблан.

* Евроазиялда бищун борхатаб салул бархан буго Дагъистаналъул Сарыкум. Гьелъул борхалъи буго 252 м. (1879 соналда гьелъул букIун буго 612 метр).

* Кубачи ккола Россиялдаго гIарац-меседалъул тIагIалаби гьарулел бакIазул бищун кIудияб. Бицен буго, Александр Македонскиясул кIилъараб шлемги, Александр Невскиясул къолденги гьеб росдал махщелчагIаз гьабуниланцин.

* Бищун къвакIарал чарамул хвалчаби, хунжрул, нусал Хъазанущиб гьарулел рукIаралила



Базалаевасул тухумалъ.

* ГIажаибаб къуваталъул инсан, лъицаниги къезавичIев Иван Поддубныясда тIад бергьенлъи босун буго гIицIго дагъистанияс. ГIали Хилич буго гьев багьадурасда цIар.

* АнцIабилеб гIасруялда цо-цо гIарабазул тарихчагIаз Дагъистаналда «Тахалъул» ракьилан» цIар лъун букIун буго.

* Табасаран мацI буго дунялалда бищунго захIматал мацIаздасан цояб. ГIицIго падеж рагIула гьеб мацIалда 52.

* Дагъистаналда гIумро гьабун руго 60 ялдаса цIикIкIун миллат.

* Дунялалда бищун лъикIал тIансабиги - Дагъистаналъул руго. Ираназул тIансаялъ 70-I50 сон балеб батани, нилъер халичаялъул «гIумро» бащалъулеб буго 300-400 соналдаги.

* Дунялалда бищун херав хIафизги (рекIехъе Къуръан лъалев) дагъистанияв вуго. Гьев ккола I20 сон барав мамедхъалаялъулав.

* Дагъистаналда буго Россиялдаго бищун халатаб машинаби хьвадулеб тоннел. Машгьуреб гендерил тоннелалъул халалъи 4 км. 300 метр буго.

* Россиялда бищун гIолохъанав гIелмабазул доктор ккола 27 сон барав Заур ГIалисултанов. Гьев ккола дагъистанияв.

# СалихIилов ХIайбулагь ГIалимухIамадович



1 январалда нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, гIумроялъ Дагъистаналъул ГЭСазулгун токалъул ишазул хIалтIухъанлъун вукIарав СалихIилов ХIайбулагь ГIалимухIамадович.

СалихIилов ХIайбулагь гьавуна Шамиль районалъул Лъахъ росулъ 1957 соналъул 8 октябралда. Росулъ 8 классги лъугIизабун цIализе лъугьана Буйнакск шагьаралъул росдал магIишаталъул техникумалде, бухгалтерасул махщалие. Гьелдаса хадув хIалтIизе витIана Кумух районалде бухгалтерлъун. Гьенисан ана советияб армиялде хъулухъ гьабизе. ТIад вуссаравго вачIана ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалде. Гьениб кьуна гьесие электромонтерасул хIалтIи. Гьедин байбихьана ХIайбулагьица токалъул хIалтIаби. Щвана гьесие лъикIаб хIалбихьиги. Хадусеб иргаялда бугеб Миякьо ГЭСалдеги витIана токалъул хIалтIухъанлъун.

1982 соналъ байбихьулеб букIана Рихъуни ГЭС баялъул тIоцересел хIалтIабазде. Гьеб соналъ ХIайбулагь витIула заманаялъул поселокалде. Гьебго соналъ хьизангун вачIуна поселокалде гIумро гьабизеги. Гьелдаса нахъе къасеги къадги хIалхьи гьечIеб хIалтIуда ана гьесул тIолабго гIумро.

ХIайбулагь мустахIикълъана «Сулакэнерго» ва «Чиркейгэстроялъул» ОАОязул хIурматиял грамотабазе. 2001 соналдаса нахъе гьесие щвана «ЕЭС России» ва «Электропрофсоюз» Россиялъул президиумалъул хIурматиял грамотаби ва чанго нухалъ кьуна гIарцулал сайгъаталги.

Гьев кIвахI лъаларев, лъай бугев бригадирасул цIар хIурматалда рехсолаан тIолабго колективалъ.

ХIайбулагь вукIана гIадамазе пайда кIудияв, киназего вокьулев, ракI бацIадав, разияв инсан. Гьудул-гьалмагъзабаз, мадугьаллъиялъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **ХIайбулагьил** хьизамалда, гьев абадияб рокьове иналда бан. Гьезие киназего Аллагьас сабру кьеги! Нижеда аскIовги лъикIав вукIанин, Аллагьас алжан кьун вохун ватайги!

**Мадугьалзабазул ва гьудулзабазул къокъа**


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 23.01.19 г. 16.00<br>фактически -16. 30 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |